

IV. WARNA KECAP

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan warna kecap dina basa Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampu:

- (1) ngeceskeun watesan warna kecap;
- (2) ngeceskeun bedana warna kecap lulugu jeung kecap pancen;
- (3) ngeceskeun kecap barang;
- (4) ngeceskeun kecap pagawean;
- (5) ngeceskeun kecap sipat;
- (6) ngeceskeun kecap bilangan; jeung
- (7) ngeceskeun rupa-rupa kecap pancen.

B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung tujuh perkara kayaning (1) watesan warna kecap, (2) rupa-rupa warna kecap, (3) kecap barang, (4) kecap pagawean, (5) kecap sipat, (6) kecap bilangan, jeung (7) kecap pancen. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.


1. Watesan jeung Papasingan Warna Kecap

Dina leunjeuran kalimah, kecap bisa dipasing-pasing jadi warna-warni, anu ilahar disebut *warna kecap*. Warna kecap mangrupa bagian kalimah atawa unsur sintaktis pangleutikna tur jadi tatapakan keur nangtukeun babagian kalimah (frasa jeung klausa). Mun aya kecap barang, upamana, aya frasa barang jeung klausa barang.

Papasingan warna kecap ditangtukeun dumasar kana wangun, sipat, fungsi, sarta paripolahna dina leunjeuran kalimah atawa konstruksi sintaktis. Warna kecap dina basa Sunda bisa dipasing-pasing jadi dua, nya eta kecap lulugu jeung kecap pancen (Sudaryat, 1991:65). Kecap lulugu

mangrupa sajumlah kecap nu mibanda hartileksikal, sipatna peka alam, peka budaya, peka tempat, tur umumna bisa robah wangunna. Kecap pancen atau kecap sarana (partikel) mangrupa kecap anu nuduhkeun tatali gramatikal, umumna teu boga harti gramatikal, sart hese robah wangunna. Papasingan warna kecap bisa dibagankeun di handap ieu.

Bagan 4.1: Warna Kecap



2. Kecap Barang (Nomina)

Kecap barang nya éta sajumlah kecap anu sakurang-kurangna mibanda salasahiji ciri di handap ieu.

- Kecap barang mangrupa kecap nu nuduhkeun barang jeung naon-naon anu dianggap barang saperti jalma, sato, tutuwuhan, barang, tempat, jeung hal. Contona: *lurah, hayam, tangkal, cai, lembur, kahayang*.
- Kecap barang bisa dipiheulaan kecap bilangan saperti *lima* jeung *dalapan* dina wangunan: *lima imah, dalapan entragan*.
- Kecap barang bisa dipiheulaan kecap pangantét saperti *di, ka* jeung *ti* dina wangunan frasa: *di Bandung, ti lembur*.
- Kecap barang bisa dipiheulaan ku kecap pamungkir (négatif) saperti *lain, euweuh*, jeung *taya* dina frasa: *lain guru, euweuh béas, taya jalma*.
- Kecap barang bisa dituturkeun kecap gaganti milik saperti *kuring, anjeun*, jeung *manéhna* dina frasa: *lembur kuring, buku anjeun, baju manéhna*.
- Kecap barang bisa dituturkeun ku kecap sipat, boh langsung boh disela ku kecap *nu* atawa *anu* saperti dina wanguna frasa: *mobil alus* atawa *mobil (a)nu alus*.

- g. Dina wangun rundayan, kecap barang sok ngandung rarangkén *paN-*, *paN-an*, jeung – *na*. Contona: ***paneunggeul***, ***panénjoan***, ***gawéna***
- h. Kecap barang umumna sok jadi jejer (J) jeung udagan (U) dina leunjeuran kalimah. Contona, *manéhna* jeung *baju* dina kalimah:

(07) <i>Manéhna</i>	meuli	<i>baju</i> .
J	C	U
(08) <i>Baju</i>	dibeuli	ku <i>manéhna</i> .
J	C	U

Kaasup kana kecap barang nya eta kecap gaganti (sulur) anu ngawengku kecap gaganti jalma, (2) kecap gaganti panuduh (panunjuk), jeung (3) kecap pananya (interogatif). Kecap gaganti jalma nya eta kecap anu nuduhkeun jalma saperti *kuring*, *manéhna*, jeung *anjeun*. Kecap panuduh nya eta kecap-kecap anu dipake nuduhkeun kecap barang saperti *ieu*, *eta*, *itu*, *diu*, *dina*, *sakieu*, jeung *sakitu*. Kecap pananya nya eta kecap-kecap anu dipake nanyakeun hiji hal saperti *saha*, *iraha*, *mana*, *di* (*ka*, *ti*) *mana*, *naon*, jeung *kumaha*.

3. Kecap Pagawean (Verba)

Kecap pagawéan nya éta sajumlah kecap anu mibanda salasahiji ciri di handap ieu.

- Kecap pagawéan ngandung ma'na bawaan (inhéren) 'kalakuan', 'prosés', jeung 'kaayaan'. Contona: *lumpat*, *leyur*, jeung *resep*.
- Kecap pagawéan, utamana nu miboga ma'na inhéren 'kalakuan', bisa dijadikeun wangun paréntah (imperatif). Conto: *Lumpat!*, *Asupkeun!*
- Kecap pagawéan bisa dipiheulaan kecap pamungkir (*hen*)*teu*. Conto: *henteu lumpat* jeung *teu leyur*.
- Kecap pagawéan bisa dipiheulaan ku kecap *bari*. Conto: *bari lumpat*
- Kecap pagawéan bisa dituturkeun ku frasa *kalawan* + kecap sipat. Contona: *nyarandé kalawan tumaninah*
- Kecap pagawéan umumna nyicingan fungsi caritaan atawa puseur caritaan dina kalimah. Conto: Mang Karta *keur ngala* lauk di Balong.

4. Kecap Sipat (Adjektiva)

Kecap sipat nya éta sajumlah kecap anu umumna boga salasahiji ciri di handap.

- Kecap sipat ngabogaan harti bawaan 'sipat' (kualitas) jeung 'kaayaan' (statif). Sipat jadi bagian langsung anu angger tur ngahiji jeung barang, sabalikna kaayaan mah henteu. Conto sipat saperti *leutik*, *beurat*, *beureum*, *buleud*; conto kaayaan saperti

baseuh, beunghar, ramé.

- b. Kecap sipat bisa dirarangkénan *pang--na* jeung *sa-R-na*, contona:
- alus + pang--na → pangalusna
 - pinter + sa-R-na → sapinter-pinterna
- c. Kecap sipat bisa dipiheulaan ku kecap *leuwih* jeung *mani*, contona:
- ageung + leuwih → leuwih ageung
 - luhur + mani → mani luhur
- d. Kecap sipat bisa dipiheulaan ku kecap *pohara* + *-na*, contona:
- gedé + pohara + -na → pohara gedéna
- e. Kecap sipat bisa dituturkeun ku kecap *pisan*, contona:
- bageur + pisan → bageur pisan
- f. Kecap sipat bisa dipiheulaan ku kecap pamungkir (*hen*)*teu*, contona:
- kasép + (hen)teu → (hen)teu kasép
- g. Kecap sipat bisa nerangkeun kecap barang, boh langsung boh dipiheulaan ku kecap (*a*)*nu*, contona:
- awak + cangker → awak cangker
 - awak + (a)nu + cangker → awak (a)nu cangker

5. Kecap Bilangan (Numera)

Kecap bilangan nya éta sajumlah kecap anu umumna boga ciri-ciri di handap ieu.

- a. Kecap sipat nuduhkeun jumlah, beungkeutan, urutan, jeung tahapan tina barang.
- b. Kecap sipat bisa dituturkeun kecap *kali*, nu hartina ‘titikelan’: *lima kali*;
- c. Kecap sipat bisa dituturkeun kecap barang: *dalapan sakola*;
- d. Kecap sipat bisa dirarangkénan *ka-* nu hartina ‘tahap’: *kahiji*
- e. Kecap sipat bisa dipiheulaan kecap *ngan* saperti *ngan lima*; jeung

Kecap bilangan bisa dipasing-pasing dumasar kana hartina, di antarana:

- a. Kecap bilangan utama: *hiji, dua, tilu, opat, salapan, sarébu*;
- b. Kecap bilangan réndon: *welas, puluhan, ratusan, rébuan, jutaan*;
- c. Kecap bilangan recahan: *satengah, saparapat, sapertilu*;
- d. Kecap bilangan tahapan: *kahiji, kadua, katilu, kasarébu*;
- e. Kecap bilangan klitik: *éka-, dwi-, tri-, catur-, panca-, sapta-, dasa-*.

6. Kecap Pancen

Kecap pancén atawa *partikel* nya éta kecap anu gunana pikeun ngajéntékeun kalimah katut babagianana. Kecap pancén umumna miboga ciri-ciri, di antarana, (1) mangrupa kecap salancar, (2) hésé dirobah wangunna, (3) mibanda harti gramatikal, (3) sok ngagondéng kecap lulugu, (4) dipaké pikeun nyelangsurupkeun kalimah katut babagianana, turta (5) mancén jadi panambah, panyambung, jeung pangantét.

Kecap pancen bisa dibagi jadi sababaraha rupa, di antarana, nya eta (1) kecap panambah, (2) kecap panyambung, (3) kecap pangantet, jeung (4) kecap panyeluk. Geura urang pedar hiji-hijina.

a. Kecap Panambah (Adverbia)

Kecap panambah nya eta kecap pancen anu umumna jadi panambah dina frasa atribut atawa dina klausa. Kecap panambah ngawengku sababaraha rupa, nya eta:

- (1) kecap panganteb, saperti: *bae, mah, tea, teh, oge, wae*;
- (2) kecap panganteur, saperti: *jung nangtung, gek diuk, bluk labuh*;
- (3) kecap panahap, saperti: *kacida, pisan, temen, leuwih, mani, naker, teuing*;
- (4) kecap panangtu, saperti: *si, sakadang, sagala, tiap, unggal, sakabeh, sakumna*;
- (5) kecap aspek, saperti: *eungeus, eukeur, masih, acan, arek, kakara, keneh*;
- (6) kecap modal(itas), saperti: *entong, henteu, kudu, bisa, tangtu, langka, hayang, muga, sigana*.

b. Kecap Panyambung (Konjungsi)

Kecap panyambung nya eta kecap pancen anu gunana paranti nyambungkeun unsur-unsur basa (kecap, frasa, klausa, jeung kalimah) jadi wangun anu leuwih jembar. Contona, kecap panyambung *basa, jeung, boh...boh....*

- Kuring *jeung* manehna indit ka sakola.
- *Boh* kuring *boh* manehna henteu datang ka uleman.
- *Basa* indit ka uleman, kuring panggih jeung sobat heubeul.

c. Kecap Pangantet (Preposisi)

Kecap pangantet nya eta kecap pancen anu cicingna hareupeun kecap atawa gundukan kecap barang. Contona, *di, ka, ti, tina, kana* saperti dina gundukan kecap:

di Bandung

ka Tasik
tina kai
kana beca

d. Kecap Panyeluk (Interjeksi)

Kecap panyeluk nya eta kecap pancen anu gunana pikeun ngebrehkeun sora bituna rasa panyaturna. Kecap panyeluk biasana misah tina omonga atawa kalimah. Ku kituna, ditulisna sok disela ku tanda koma (.). Contona: *ah, aduh, hayu, horeh, ah, ambuing, ih.*

Ah, kuring mah moal milu.

Aduh, bet titajong suku teh.

Hayu atuh, urang indit ayeuna!

C. RANGKUMAN

Warna kecap mangrupa papasingan kecap disawang tina wangun, fungsi, jeung paripolahna dina kalimah. Aya dua rupa warna kecap, nya eta kecap lulugu jeung kecap pancen. Kecap lulugu umumna geus boga harti leksikal, anu ngawengku kecap barang, kecap pagawean, kecap sipat, jeung kecap bilangan. Ari kecap pancen umumna teu boga harti leksikal tur hese dirobah wangunna, anu ngawengku kecap panambah, kecap panyambung, kecap pangantet, jeung kecap kecap panyeluk.

Kecap barang (nomina) mangrupa kecap anu nuduhkeun barang jeung naon-naon nu dianggap barang. Kaasup kana kecap barang nya eta kecap gaganti, kecap panuduh, jeung kecap pananya. Contona: *imah, manehna, itu, jeung saha.*

Kecap pagawean (verba) mangrupa kecap anu nuduhkeun kalakuan jeung proses. Contona: *maca, rungkad.*

Kecap sipat (adjektiva) mangrupa kecap anu nuduhkeun kaayaan jeung sipat. Contona: *tiiseun, eraan.*

Kecap bilangan (numera) mangrupa kecap anu nuduhkeun jumlah jeung bilangan, boh bilangan tangtu boh bilangan teu tangtu. Contona: *hiji, kadua, ratusan, sapertilu.*

Kecap panambah nya eta kecap pancen anu ditambahkeun kana kecap sejen. Kecap panambah ngawengku kecap panganteur, panganteb, panahap, panangtu, aspek, jeung modalitas. Contona: *jung, mah, leuwih, si, arek, jeung bisa.*

Kecap panyambung mangrupa kecap pancen anu dipake nyambungkeun unsur-unsur basa. Contona: *jeung, atawa, tapi, basa, lamun, sanajan, jeung yen.*

Kecap pangantet mangrupa kecap pancen anu umumna cicing hareupeun kecap barang pikeun ngantetkeun kana caritaan. Contona: *di, ka, ti, tina, kana, dina.*

Kecap panyeluk mangrupa kecap pancen anu gunana pikeun ngebrehkeun bituna rasa panyaturna. Contona: *ah, ih, ey, euy, wah, hayu.*

D. LATIHAN

- Jawab sakur pananya di handap ieu!
1. Naon anu jadi patokan pikeun nyieun papasingan warna kecap?
 2. Tetelakeun bedana warna kecap lulugu jeung kecap pancen!
 3. Sebutan ciri-ciri kecap barang!
 4. Cik contoan kecap gaganti, kecap panuduh, jeung kecap pananya!
 5. Naon bae cirina kecap pagawean teh?
 6. Cik contoan 5 kecap sipat dina basa Sunda!
 7. Keur naon gunana kecap bilangan?
 8. Sebutan rupa-rupa kecappanambah tur contoan!
 9. Tetelakeun bedana kecap panyambung jeung kecap pangantet!
Contoan!
 10. Contoan 3 kecap panyeluk nu dilarapkeun kana kalimah!